

## KI KOTE MWEN KA JWENN PLIS ENFÒMASYON?

### Alyans Nasyonal sou Sante Mantal (National Alliance on Mental Illness, NAMI)

Yo se pi gwo òganizasyon sante ki dedye pou  
konstwi pi bon lavi pou Ameriken ki afekte pa  
sante mantal yo.

[www.nami.org](http://www.nami.org)  
(800) 950-6264

### Depatman Timoun ak Fanmi – Sante Mantal Florida

Pwogram sa bay finansman pou sèvis ekstèn  
adomisil ak sèvis kominotè, sèvis pou riz ak  
trètman rezidansyèl.

[www.myflfamilies.com/  
service-programs/mental-health](http://www.myflfamilies.com/service-programs/mental-health)  
(850) 487-1111

### Administrasyon Sèvis pou Toksikomani ak Sante Mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA)

Ajans nasyonal ki dirije efò piblik pou fè  
avanse sante konpòtmantal nasyon an pa  
rapò ak prevansyon, tretman ak sèvis sipò pou  
rekiperasyon pou sèvis konpòtmantal yo.

[www.samhsa.gov](http://www.samhsa.gov)  
(877) 726-4727

### Federasyon Nasyonal Fanmi pou Sante Mantal Timoun

Òganizasyon nasyonal ki direje pa fanmi an  
dedye pou amelyore lavi timoun ki gen pwoblèm  
emosyonèl, konpòtmantal ak mantal ak fanmi yo.

[www.ffcmh.org](http://www.ffcmh.org)  
(240) 403-1901

Rele plan sante Medicaid ou pou plis  
enfòmasyon sou sèvis sante mantal.

Si ou bezwen èd pou jwenn kowòdone  
pou plan w lan, oubyen si ou pa enskri nan  
yon plan sante, rele Liy Asistans Medicaid  
nou an nan:

**1-877-254-1055**

oswa vizite

[www.ahca.myflorida.com/Medicaid](http://www.ahca.myflorida.com/Medicaid)



AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE  
2727 Mahan Drive, Tallahassee, FL 32308  
[www.ahca.myflorida.com](http://www.ahca.myflorida.com)

102018

AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE

## SÈVIS SANTE MANTAL POU TIMOUN KI GEN MEDICAID



## MALADI MANTAL AFEKTE REZÒNMAN AK AKSYON YON TIMOUN, KI RANN LI DIFISIL POU YO FONKSYONE.

Li pa fasil pou konnen lè pitit ou an bezwen  
sèvis sante mantal. Dapre Alyans Nasyonal  
sou Sante Mantal la, men kèk siy pou  
enkyete ou:

- Chanjman nan abitud  
manje oubyen dòmi
- Laperèz
- Tristès
- Nan pwoblèm lekòl oubyen lakay
- Twoub pou konsantre
- Pèt pwa
- Aji diferan
- Fè tèt li mal

Kisa pou fè si ou panse pitit ou an ka  
genyen yon maladi mantal:

- Diskite de enkyetid ou yo ak doktè  
premye swen pitit ou an
- Mande yon egzamen sante  
konplè pitit ou an
- Mande doktè pitit ou an si yon  
evalyasyon oubyen tretman  
yon espesyalis nan pwoblèm  
konpòtmantal pitit ou an nesèsè

# MEDICAID FLORIDA OFRI SÈVIS POU EDE PITIT OU KI GEN MALADI MANTAL

## SÈVIS SANTE KONPÒTMANTAL KOMINOTÈ

Ede timoun ki gen pi piti pase 21 an ki gen pwoblèm sante mantal ak toksikomani ak sèvis tankou

- Terapi endividyèl ak familyal
- Evalyasyon
- Sèvis sipò
- Sèvis psikyatrik
- Tretman ki asiste pa medikaman (Medication assisted treatment, MAT)
- Trètman lajounen
- Jesyon medikaman

## JESYON DOSYE SIBLE

Ede timoun ki gen pi piti pase 21 an ki genyen yon maladi mantal grav jwenn sèvis sipò pou kenbe yo nan kominote a. Kèk nan sèvis sa yo se:

- **Food** – referral to food and cash assistance programs
- **Manje** – referans pou pwogram asistans manje ak lajan kach
- **Medikal** – fikse randevou
- **Edikasyon** – referans pou ede nan enstriksyon, edikasyon granmoun ak Anglè kòm dezyèm lang
- **Fòmasyon Pwofesyonèl** – konekte yon adolesan a lekòl pwofesyonèl pou aprann yon konpetans
- **Sèvis Sipò** – fòmasyon konpetans lavi, referans pou konsèy planifikasyon familyal, klas parantal
- **Travay** – fòmasyon sou preparasyon travay ak rechèch travay

## PWOGRAM PSIKYATRIK ENTÈ NAN TOUT ETA A (STATEWIDE INPATIENT PSYCHIATRIC PROGRAM, SIPP)

Bay sèvis tretman psikyatrik entèn espesyalize pou timoun ki gen pi piti pase 21 an ki:

- Pa reponn a sèvis kominotè entansif yo oubyen ki te fè eksperyans entèn plizyè fwa nan psikyatri

Timoun ki nan SIPP:

- Dwe estab sou plan konyitif pou benefisyè de tretman an
- Ap genyen egzamen kontini nan sejour ki fèt pou benefisyè ki gen pi piti pase 10 zan chak 14 jou ak chak 21 jou pou benefisyè ki gen 10 zan oubyen ki pi gran
- Sejour pou yon mwayèn 120 jou

Sèvis yo bay nan SIPP:

- Terapi endividyèl ak familyal
- Edikasyon
- Jesyon medikaman
- Vizit familyal
- Sèvis medikal ak dantè
- Sèvis sipò kominotè apre egzeyat

## SÈVIS ANALIZ KONPÒTMAN (BEHAVIOR ANALYSIS, BA)

Sèvis Analiz Konpòtmàn yo se sèvis yo bay pou ogmante oubyen ranfòse bon konpòtmàn pou benefisyè ki gen pi piti pase 21 an ki mande sèvis BA ki nesèsè sou plan medikal. Pou resevwa sèvis BA, yo mande yon kòd dyagnostik ki apwopriye. Benefisyè (ki genyen ladan yo sila ki enskri nan plan sante yo) ap resevwa sèvis sa yo atravè sistèm frè-pou-sèvis la e sèvis yo dwe otorize anvan.

## SÈVIS REKOUVREMAN SANTE KONPÒTMANTAL (BEHAVIORAL HEALTH OVERLAY SERVICES, BHOS)

Pwogram sa bay sèvis pou benefisyè ki gen pi piti pase 21 an ki gen twoub emosyonèl grav oubyen ki montre konpòtmàn ki afekte kapasite fonksyonman yo nan lekòl, lakay oubyen nan kominote a. Pwogram sa bay sèvis sipò sante mantal ak toksikomani pou reponn a bezwen tretman sante konpòtmantal benefisyè ki nan yon **etablisman rezidansyèl**.

Sèvis BHOS yo genyen ladan yo:

- Terapi
- Jesyon konpòtmàn
- Sipò terapetik

## SÈVIS TERAPETIK ESPESYALIZE

Sèvis swen terapetik nan fanmi akèy espesyalize se sèvis tretman entansif yo bay timoun ki gen pi piti pase 21 an ki genyen twoub emosyonèl k ap viv nan yon fwaye akèy ki otorize nan eta a. Pwogram sa se pou tretman alontèm ak entèvansyon pou kriz akoutèm.

Sipò terapetik espesyalize yo genyen ladan yo:

- Evalyasyon konplè
- Sèvis swen terapetik espesyalize nan fwaye akèy
- Sèvis swen terapetik nan gwoup



## PLAN ESPESYALITE POU BENEFISYÈ KI GEN PWOBLE SANTE MANTAL

Yon plan espesyalite se yon plan pou benefisyè Medicaid ki genyen yon pwoblèm swen sante presi. Pou enskri nan plan espesyalite a, yo dwe dyagnostike benefisyè a oubyen li dwe nan tretman pou yon maladi mantal grav. Avantaj pou enskri nan yon plan espesyalite sèke plan an fèt pou reponn a bezwen presi pou moun ki gen pwoblèm sante mantal, epi li genyen ladan l jesyon dosye pou kowòdinasyon swen.

## KIJAN POU ENSKRI

Enskri anliy nan [www.flmedicaidmanagedcare.com](http://www.flmedicaidmanagedcare.com)

Rele yon Konsèy Chwa gratis nan **1-877-711-3662**; aparèy telekomunikasyon pou moun ki soud (TDD) **1-866-467-4970**.

Si ou gen bezwen espesyal, ou ka fikse yon rankont fas a fas ak yon Konsèy Chwa lè w rele **1-877-711-3662**